



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AP BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU FÈMTI PON YO SOU FWONTYÈ ETAZINI-KANADA

*Lapolis Eta ap aktivman travay avèk Gwoup Travay Konjwen sou Teworis FBI a pou siveye tout pwen antre nan New York yo*

*Gouvènè a rankontre ak fòs de lòd ak sekouris ijans yo*

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou fèmti pon yo sou fwontyè Etazini-Kanada apre yon ensidan sou Pon Rainbow la. Gouvènè a te anonse tou nan kòmansman jounen an ke Gwoup Travay Konjwen sou Teworis (Joint Terrorism Task Force, JTTF) FBI a pral siveye tout pwen antre nan New York yo.

"Yo te enfòme m de sitiyasyon ki te rive nan Pon Rainbow la nan Niagara Falls", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anba direksyon mwen, Lapolis Eta New York ap aktivman travay avèk Gwoup Travay Konjwen sou Teworis FBI a pou siveye tout pwen antre nan New York yo. Mwen pral vwayaje nan Buffalo pou m rankontre ak lapolis ak sekouris ijans epi m ap bay Nouyòkè yo mizajou lè gen plis enfòmasyon disponib".

### **Depatman Transpò Eta New York la**

Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) kapab konfime Pon Rainbow ak Pon Peace fèmen, menm jan ak Pon Lewiston-Queenston ak Whirlpool anba direksyon otorite federal yo. Rès pasaj entènasyonal yo twouve yo nan sitiyasyon alèt ogmante men yo louvri. NYSDOT ap nan pwosesis pou fèmen Interstate 190 nan Upper Mountain Road nan Konte Niagara epi li ap ede patnè lokal yo jere enpak trafik yo. Siyalizasyon mesaj varyab yo nan rejyon an ap avèti otomobilis yo sou fèmti pon yo.

Odela Lwès New York, NYSDOT ak Otorite Thruway ap kowòdone sou siyalizasyon mesaj varyab pou avèti vwayajè ki nan direksyon lwès yo ke pasaj fwontyè pou Kanada nan zòn Buffalo-Niagara fèmen.

### **Otorite Thruway**

Ranp sòti sa a fèmen sou sistèm Otowout (Thruway) Eta New York la:

- I-190 - Niagara Thruway nan direksyon nò sòti 9 (Fort Erie Canada - Porter Avenue - Pon Peace) rive nan Pon Peace la

### **Otorite Transpò Niagara Frontier**

An repons a ensidan k ap dewoule nan Pon Rainbow la, NFTA (Otorite Transpò Niagara Frontier) ap ogmante tout sistèm sekirite a. Machin ak pasaje k ap antre nan Ayewopò Buffalo ak Niagara Falls pral sibi plis tchèk sekirite, deteksyon eksplozif ak plis depistaj. Ayewopò Buffalo ak Niagara Falls ak sistèm metwo a rete totalman fonksyonèl. NFTA konseye vwayajè yo bay tèt yo plis tan pou prekosyon siplemantè sa yo.

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York**

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la sou plas, ansanm ak anplwaye Biwo Sèvis Ijans (Office of Emergency Services) yo, epi Divizyon an pare pou sipòte nenpòt demann resous. Biwo Kont Teworis Divizyon an te an kontak tou ak patnè lokal kont teworis avèk fòs de lòd yo nan tout eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)